

“JESUS, CEO” Leson 3: YON PWOFESEYONEL FÈ BAGAY KI DIFISIL LA

Nan liv “Jesus, CEO”, Laurie Beth Jones di sa a: “A professional is a person who does things even when she or he does not feel like doing them.” Tradwi: Yon pwofesyonel se yon moun ki fè bagay menm si li pa santi fè yo.

Yon pwofesyonel dwe toujou kenbe tèt li nan kap li fè lè li travay, kelkeskwa. Pa egzamp: Apre gwo trambleman, chirijyen dwe koupe jamn moun ki tap vin gangrennen. Kè chirijyen tap kraze anpil, pou wè anpil anpil soufrans, pa vre? Men yo pwofesyonel. Fòk yo kenbe tèt li nan kap li fè menm si li difisil anpil, epi kriye pita, apre yo nan retounen kay yo.

Pi bon egzamp pwofesyonel se Jezi. Li toujou fè tout bagay Papa nan syel a di li. Lè li grangou, li di manje li se te fè volonte Bondye. Lè li fatigue, li reponn bezwen pèp la kamenm. Lè li pè mouri nan kwa anpil anpil, li ale pou kwa kanmenm, paske li konnen se li pi gran travay. Li pa chanje plan li yo avek chak emoyson li te genyen.

Lemonn nan rele seten djob pwofesyonel ak lòt djob pa pwofesyonel. Non! Pa vre! Pwofesyonel pa yon tit, se fason pou fè travay nou. Koute byen: Yon lesiviyèz ki pran swen ak rad ak fè travay li ak fidelite se yon pi bon pwofesyonel anpil anpil plis pase yon moun ki gen gwo plas nan gouvenan men pa fidel pou pèp yo li dwe sevi.

Ekip la, annou wè kou Jezi wè pa kou lemonn wè: se pa empotan pou gen djob ki prestigieux; se empotan pou aji pwofesyonel nan nènpot djob nou gen.

Keyson pou nou:

1. Si ou gen djob, eske ou pwofesyonel nan fason ki ou travay a? Eske ou travay di menm si ou pa vle travay di? Eske ou travay di lè sipivize pap gade ou? Eske ou komplete tout responsabilite lè ou dwe? Eske ou obeyi tout bagay moun ki sipevize ou di ou a?
2. Si ou nan lekòl, eske ou pwofesyonel nan fason ki ou etidye a? Eske ou komplete tout duvwa menm si ou pita fè yon lòt bagay? Eske ou pran responsabilite pou edikasyon ou memn konsa revi lè ou bezwen li oly tann pou mèt la di ou revi?
2. Si ou pa gen djob, pa nan lekòl, eske ou pwofesyonel nan fason ou pase tan ou? Eske ou vin biwo pou aprann angle oubyen lekti liv nan leadership nan franse? Eske ou itilize lòt tan nan sajes, pou grandi oubyen ede lòt moun nan nepòt fason ou ka?

Nou bezwen antrene pou vin pwofesyonel; chak tan nou fè dwat menm si nou pa santi li, nou bay plis fòs pou vin pwofesyonel. Aji pwofesyonel se yon abitud, nou dwe antrene pou fè yon abitud solid.

Ke Bondye ede nou tout nou vin plis pwofesyonel nan travay nou chak jou.

Dr. Betty Jean Harmsen,
Yon domestik Jezikri, CEO nou